

Devlope Bon Lektè Depi Piti a Domisil

Anpil elèv atravè peyi a ak nan Delaware p ap aprann li nan nivo ki nesèsè a pou yo ka reyisi nan kolèj, karyè, ak nan lavi yo. An reyalyte, dapre done evalyasyon Smarter Balanced 2022 a, se sèlman 40 pousan nan elèv twazyèm ane nan Delaware ki konpetan nan lekti ase.

Depatman Edikasyon Delaware la ak sistèm lekòl yo atravè peyi a ap travay pou ranvèse tandans sa a, yon fason pou tout elèv yo ka li nan nivo klas yo nan fen twazyèm ane eskolè a, sa ki ap fè yo tounen lektè, ekriyen, moun ki ap panse, ak oratè ki konpetan. Fanmi yo ak moun k ap okipe timoun yo ka sèvi kòm patnè pou pwofesè yo nan ankouraje alfabetizasyon ak lanmou pou lekti.

Manyèl sa a bay yon apèsi sou fason fanmi yo ak moun k ap okipe timoun yo ka sipòte devlopman alfabetizasyon timoun yo lakay yo.

Konprann Alfabetizasyon

Ki sa ki alfabetizasyon?

KONESANS DEBAZ

Enfòmasyon elèv yo konnen sou yon sijè.

KONPREYANSYON

Kapasite pou konprann, sonje, ak bay sa yo te li a yon sans.

METRIZ

Kapasite pou li tèks avèk presizyon, rapidite, ak efikasite, swa pou tèt li oswa awotvwa.

LANG PALE

Kapasite pou itilize mo aloral pou ekspriye konesans, lide, ak santiman.

KONSYANS FONEMIK

Kapasite pou tande, idantifye, manipile, ak ranplase son yo ki fè diskou.

FONETIK

Kapasite pou divize mo yo an son ak silab pou konekte mo sou papye, ak mo elèv yo tande ak pale chak jou.

VOKABILÈ

Kapasite pou itilize ak konprann mo yo.

EKRITI

Kapasite pou transmèt panse ak lide nan yon fòm libiz.



Poukisa konpetans sa yo enpòtan?



Elèv ki gen difikilte ak lekti debaz yo itilize anpil tan ak enèji pou yo li yon pasaj ki senp epi kidonk **gen difikilte pou yo konprann** sa yo li a, ki se veritab objektif lekti a.



Elèv yo dwe resevwa ansèyman ki entwodui yo nan **tou le sèt eleman nan alfabetizasyon an** pou devlope konpetans debaz nan lekti yo.



Devlope konpetans alfabetizasyon prekòs **anvan klas 3yèm ane** a kreye yon fondasyon pou timoun yo ki ap pèmèt yo **li ak ekri avèk konpetans ak konfyans** pandan tout pakou edikasyon yo ak lavi yo.

Ki aktivite mwen ka fè lakay mwen pou sipòte alfabetizasyon prekòs?

- Kreye yon woutin lekti chak jou pou li ansanm liv, magazin, liv komik, oswa nenpòt lòt dokiman enprime. Ou li yon paj oswa yon seksyon epi answit fè pitit ou a li menm paj la oswa seksyon an. Apre sa, fè pitit ou a reponn kèk kesyon sou sa li te li yo.
- Chèche atik ki kòmanse oswa fini ak yon lèt espesifik nan machin nan oswa nan makèt la. "Mwen wè ak ti je mwen an yon bagay ki kòmanse ak lèt ..."
- Fè pitit ou a ale nan yon lachas trezò pou atik (liv, jwèt, elatriye) ki kòmanse ak yon lèt oswa son espesifik epi answit fè yo netwaye l/mete l la, elatriye.
- Li epi chante mizik pou timoun ak pitit ou a.
- Gade chèn televizyon edikatif ki ankouraje vokabilè epi devlope konesans pitit ou a sou bèt yo, plant yo, metewo, mond lan, elatriye.

Kisa pou m fè si pitit mwen an gen difikilte nan lekti?

- Yo evalye timoun nan klas matènèl a 3yèm ane yo twa(3) fwa pa ane atravè "pwosesis depistaj inivèsèl la." Pwosesis sa a egzamine plizyè pwen done pou idantifye fòs timoun yo ak potansyèl difikilte yo nan kesyon lekti.
- Si lekòl la fè w konnen pitit ou a gen difikilte nan kesyon lekti oswa li anreta pou nivo klas li a, lekòl la ap mete an plas yon plan pou bay pitit ou a plis sipò pandan jounen lekòl la pou ede l reyisi.
- Si lekòl la idantifye pitit ou a gen difikilte ki ap pèsiste nan lekti apre yo fin bay sipò adisyonèl regilye yo, fè patenarya ak lekòl la pou kreye yon plan pou ba yo sipò ak sèvis yo bezwen pou yo reyisi.
- Si w sispèk pitit ou a gen difikilte nan lekti, pwograme yon konferans ak pwofesè yo a pou diskite sou pèfòmans yo nan klas la ak rezilta tèst ki pi resan yo a ak rezilta tèst depistaj yo. Pandan reyinyon sa a, oumenm ak pwofesè a kapab diskite sou sipò adisyonèl pitit ou a ka bezwen nan lekòl la ak lakay ou.

Kesyon pou w poze pwofesè pitit ou a

- Kisa mwen ka fè lè m ap li ak pitit mwen an?
- Kisa nou ka fè nan kay la pou nou ankouraje lekti nan yon fason ki amizan ak enteresan?
- Ki konpetans oswa liv pitit mwen an ap aprann nan klas la ke mwen ka sipòte lakay mwen?
- Ki pwen fò pitit mwen an genyen nan lekti, pale ak ekri? Ki kote ou gen enkyetid?
- Ki tèst w ap itilize pou mezire pwogrès pitit mwen an nan lekti, epi ki jan pitit mwen an ap travay nan tèst sa yo?

Zouti ak Resous pou Sipòte Fanmi ak Elèv yo

W ap jwenn anba a, lòt resous ou ka itilize pou sipòte pi plis aprantisaj pitit ou a lakay ou.

Reyalize Gid Prensipal Familyal yo: Gid pou ede fanmi yo aprann plis sou sa timoun yo ta dwe konnen epi sa yo dwe kapab fè, klas pa klas, nan matematik ak alfabetizasyon. (bit.ly/achieve-core)

Verifikasyon sou Preparasyon: Yon sekans kout 3 a 5 kesyon pou wè pwogrès lekti pitit ou a pou nivo klas li a. (bit.ly/readiness-check-2022)

Gid Alfabetizasyon Prekòs pou Fanmi New Mexico yo: Enfòmasyon apwofondi sou konpetans kle pou devlopman alfabetizasyon pandan y ap eksplike enpòtans ak pwogresyon konpetans sa yo nan devlopman alfabetizasyon an. (bit.ly/NM-early-literacy)

Aktivite Familyal REL yo: Videyo gratis pou pratike konpetans debaz pou lekti yo lakay ou. (bit.ly/REL-activities)

Konsèy pou Lekti: Konsèy yon paj pou paran yo ki ofri yon fason fasil pou paran yo ede timoun yo vin bon lektè. (bit.ly/reading-tips-for-parents)

Kesyon? Pwofesè pitit ou a se yon bèl resous pou w kontakte ak nenpòt kesyon konsènan pwogrès pitit ou a. Ou ka kontakte tou direktè lekòl ou a pou plis sipò.